

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Dina ieu bab dipedar desain panalungtikan, lokasi, data, sumber panalungtikan, téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik analisis data, intrumén panalungtikan anu ngawengku instrumén ngumpulkeun data jeung instrumén ngolah data.

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Pamarekan kualitatif atawa naturalistik kalawan métode déskriptif lantaran dilaksanakeun dina fénoména nyata (Creswell, 2012). Métode déskriptif ngadadarkeun data dumasar kana léngkah-léngkah ngumpulkeun data, milah-milah data, nganalisis data, ngadadarkeun, napsirkeun data, jeung nyusun kacindekan. Data anu didadarkeun nyaéta wangun kalimah jeung struktur kalimah basa Sunda tina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung.

Masalah dina ieu panalungtikan nyaéta maluruh wangun kalimah jeung struktur kalimah anu aya dina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang anu jadi sumber datana. Sedengkeun téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tulis jeung ulikan pustaka. Pikeun maluruh wangun kalimah jeung struktur kalimah ngagunakeun kartu data. Saterusna data nu mangrupa kalimah dianalisis sarta didéskripsikeun wangun jeung strukturna. Hal ieu bisa kagambar dina bagan désain panalungtikan.

Désain ieu panalungtikan dibagankeun kawas kieu.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.2 Lokasi, Data, jeung Sumber Data Panalungtikan

Lokasi panalungtikan nyaéta di SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung. Sedengkeun anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas IX B, anu jumlahna 40 siswa. Data dilengkepan maké téhnik sampel absén ganjil wungkul, ku kituna data aya 20 siswa. Tina sumber data dijaring sakabéh kalimah anu digunakeun dina téks biantara, anu jadi data dina ieu panalungtikan. Éta kalimah-kalimah téh dianalisis wangun jeung strukturna.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dikumpulkeun ngaliwatan téhnik téks atawa telaah pustaka, nyaéta téhnik pikeun ngumpulkeun informasi nu tumali jeung tiori-tori nu aya patalina jeung masalah katut variabel nu ditalungtik. Ieu téhnik digunakeun pikeun nyangking data sekundér. Dina hal ieu, panalungtik ngajaring data tina téks biantara basa Sunda karangan siswa kelas IX SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data, nyaéta ieu di handap.

- 1) Ngayakeun tés nulis téks biantara;
- 2) Ngumpulkeun téks biantara siswa;
- 3) Maca téks biantara siswa;
- 4) Nyirian kalimah dina téks biantara siswa; jeung
- 5) Ngasupkeun kalimah kana kartu data digital.

3.3.2 Téhnik Analisis Data

Sangeus data dikumpulkeun, saterusna diolah ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung (*Immediate Constituent Analysis*). Léngkah-léngkahna nyaéta saperti anu dijaskeun di handap.

- 1) Niténan ulang data kalimah anu dikumpulkeun;
- 2) Ngaruntuykeun data kalimah sacara alfabétis;
- 3) Nyieun distribusi data kalimah dumasar wangun jeung unsur-unsurna (fungsi, kategori, jeung peran);
- 4) Nganalisis data kalimah dumasar kana wangun jeung unsur-unsurna (fungsi, kategori, jeung peran);
- 5) Ngadéskripsikeun data kalimah dumasar kana wangun jeung unsur-unsurna (fungsi, kategori, jeung peran);
- 6) Nafsirkeun jeung nyindekkeun struktur kalimah dina téks biantara siswa.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngumpulkeun data wangun kalimah jeung struktur kalimah, dina téks biantara basa Sunda karangan siswa SMPN 2 Katapang Kabupatén Bandung, nyaéta ngagunakeun kartu data. Kartu data anu digunakeun, nyaéta:

- 1) kartu data wangun kalimah;
- 2) kartu data struktur kalimah;
- 3) kartu data struktur tagmémik.
- 4)

a. Instrumen Kartu Data

Alfabet	
Data Kalimah :	(Sumber Data: No karangan, paragraf, kalimah)
Analisis :	(K01/01/01)
1) Wangun Kalimah :	Kalimah Salancar jeung Kalimah Rangkaian
2) Struktur Kalimah :	Pola Kalimah Salancar jeung Pola Kalimah Rangkaian
a) Fungsi :	Jejer, Caritaan, Udagan, Panglengkep, Katerangan
b) Kategori :	Kecap Barang, Kecap Pagawéan, Kecap Sipat, Kecap Bila Bilangan, Kecap Katerangan, Kecap Pancén, Kecap Sujur

c) Peran : Ma'na/harti anu aya dina kecap

Bagan 3.2 Kartu Data

Keterangan:

K01 = Karangan siswa absén kahiji

01 = Paragraf kahiji

01 = Kalimah kahiji

b. Instrumen Ngolah Data

Tabél 3.1

Kartu Data Digital Wangun Kalimah

No	Data Kalimah	Kode Data	Wangun Kalimah			
			Kalimah Salancar		Kalimah Rangkaian	
			Basajan	Jembar	Ngantet Satata	Ngantet Seler Sumeler

Tabél 3.2

Kartu Data Digital Struktur Kalimah Salancar

No Data	Data Kalimah	J-C	J-C-U	J-C-P	J-C-K	J-C-U-K	J-C-P-K

Keterangan:

J = Jejer

C = Caritaan

K = Katerangan

P = Panglengkep

U = Udagan

Tabél 3.3
Kartu Data Digital Struktur Kalimah Rangkepan

No. Data	Data Kalimah	Struktur Kalimah							
		Ngantet		Rangkepan (Kla Int+ Kla Sel)					
		2 kla	> 2 kla	K	J	U	P	Atr J	Atr Sum

Katerangan:

Atr J = Atribut Jejer
 Atr Sum = Atribut Sumbu
 J = Jejer
 K = Katerangan
 Kla = Klausa
 Kla Int = Klausa Inti
 Kla Sel = Klausa Sélér
 P = Panglengkep
 U = Udagan